

Nimewo 15

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**KREYASYON KOMITE REVIZYON KONSILTATIF JIDISYÈ  
(JUDICIAL SCREENING COMMITTEES)**

**ALÒSKE**, dapre Konstitisyon ak Lwa Eta New York, Gouvènè a gen responsablite pou deziyen ofisye jidisyè yo nan fonksyon Jij ak Prezidan Tribinal Ti Konfli; pou deziyen Jij Tribinal Siprèm nan fonksyon Jij, Jij Pwovizwa, ak Prezidan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm; epitou pou lonmen ofisye jidisyè pou pran pozisyon vid biwo Jij Tribinal Siprèm nan, Jij Tribinal Konte, Jij Tribinal Siksesyon ak Titèl, ak Jij Tribinal Zafè Fanmi deyò Vil New York; epi

**ALÒSKE**, yon sistèm jidisyè onèt, san patipri, endepandan, ki kalifye anpil, ak divès, enpòtan pou asire lajistis pou tout moun ki vini nan tribinal Eta New York epi pou bay piblik la konfyans nan onètete pwosesis jidisyè a; epi

**ALÒSKE**, nou devlope yon sistèm jidisyè ki onèt, san patipri, endepandan, ki kalifye anpil, ak divès, lè nou:

1. ankouraje kandida ki kalifye anpil nan tout pati Eta New York, ki gen anpil fòmasyon ak eksperyans diferan, pou aplike pou fonksyon yo nan sistèm jidisyè a;
2. revize kandida yo pou fonksyon jidisyè san konsidere konviksyon politik yo oswa afilyasyon politik yo; epi
3. chwazi ofisye jidisyè ki montre yo genyen divès kalite fòmasyon ak eksperyans moun k ap viv Eta New York yo, selon onètete yo, endepandans yo, konpetans entèlektyèl yo, tanperaman yo, ak eksperyans yo; epi

**ALÒSKE**, pi bon kalite deziyasyon yo nan lajistis kapab pi byen asire avèk asistans divès kalite komite konsiltatif jidisyè ki merite konfyans, ki san patipri, epitou ki san fòskote;

**KOUNYE A, KIDONK**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a:

**A. Objektif ak Fonksyon**

1. Nou kreye Komite Konsiltatif Jidisyè yo pou evalye kalifikasyon kandida yo pou nominasyon oswa deziyasyon fonksyon jidisyè a toupatou nan Eta New York, epitou pou rekòmande ba Gouvènè moun ki gen anpil kalifikasyon pou gen vin gen yon fonksyon jidisyè.

2. Chak Komite Konsiltatif Jidisyè swe:

- a. Toujou rekrite kandida pou nominasyon oswa pou deziyasyon nan fonksyon jidisyè andedan jiridiksyon komite a. Lè Komite Konsiltatif Jidisyè a ap rekrite kandida yo, li dwe fè efò pou jwenn kandida ki montre yo genyen divès kalite fòmasyon ak eksperyans sitwayen Vil New York yo;
- b. Revize epi evalye kalifikasyon tout kandida yo pou nominasyon oswa pou deziyasyon. Lè y ap revize ak evalye kalifikasyon kandida yo, chak manm komite dwe gen konsiderasyon prensipal pou onètete, endepandans, konpetans entèlektyèl, jijman, tanperaman ak eksperyans chak kandida yo, epitou manm komite a pa dwe bay okenn konsiderasyon pou laj, kwayans, koulè, peyi kote kandida a fèt, preferans seksyèl, sitiyasyon militè, sèks, andikap, patikilarite tandans jenetik, sitiyasyon fanmi, oswa afilyasyon pati politik kandida a;
- c. Rekòmande pou nominasyon oswa deziyasyon sèlman kandida ki gen anpil kalifikasyon pou fonksyon jidisyè yo konsidere pou yo a, selon detèminasyon vòt majoritè tout manm komite a. Okenn komite pa dwe meprize kalifikasyon yon kandida jouk apre lè komite a ak ekip li a fè yon rechèch apwofondi;
- d. Prepare rapò ekri sou kalifikasyon chak kandida li detèmine ki gen anpil kalifikasyon, epitou rekòmande yo ba Gouvènè a. Rapò Komite a fè yo dwe disponib pou piblik la depi piblik la depi gen demann ki fèt. Tout lòt dosye ak deliberasyon nenpòt Komite Konsiltatif Jidisyè ak tout komunikasyon avèk nenpòt Komite Konsiltatif Jidisyè anrapò avèk yon kandida dwe fèt an sekre, epitou yo dwe divilge yo ba Gouvènè a sèlman, Avoka Gouvènè a, oswa reprezantan yo. Malgre sa ki endike anwo a, yo ka divilge ba Sena a enfòmasyon yo soumèt ba nenpòt Komite Konsiltatif Jidisyè anrapò avèk yon kandida, lè li nesèsè pou konfime kandida ki deziyen an, epitou yo ka divilge ba nenpòt lòt moun oswa òganizasyon tout enfòmasyon ki soumèt ba yon Komite Konsiltatif Jidisyè, si divilgasyon enfòmasyon yo nesèsè anrapò avèk pwosedi disiplinè, oswa si lalwa egzije sa.

**B. Komite Konsiltatif Jidisyè Eta a**

1. Yo kreye yon Komite Konsiltatif Jidisyè Eta a.

2. Komite Konsiltatif Jidisyè Eta a dwe genyen trant (30) manm ladan: de (2) moun Gouvènè a chwazi; Prezidan chak Komite Konsiltatif Jidisyè Depatmantal ki kreye dapre Seksyon C Dekrè Egzekitif sa a; youn nan lòt manm chak Komite Konsiltatif Jidisyè Depatmantal Gouvènè a dwe chwazi; de (2) moun Jij Prensipal Koudapèl yo chwazi; epi yon moun Pwokirè jeneral la chwazi. Se Gouvènè ki dwe deziyen Prezidan Komite Konsiltatif Jidisyè Eta a pami manm Komite a.

3. Dire fonksyon nenpòt manm Komite Konsiltatif Jidisyè Eta ki se yon manm nan yon Komite Konsiltatif Depatmantal dwe fini menm lè dire fonksyon manm Komite Konsiltatif Depatmantal la fini.

4. Komite Konsiltatif Jidisyè Eta a dwe gen jiridiksyon pou konsidere kalifikasyon kandida yo pou nominasyon nan fonksyon Jij ak Prezidan Tribinal Ti Konfli yo, epitou pou rekòmande ba Gouvènè a tout moun li jwenn ki gen anpil kalifikasyon pou fonksyon jidisyè sa yo.

5. Lè Gouvènè a ap egzèse pouvwa li genyen pou deziyen Prezidan Tribinal Ti Konfli yo yon fason konfòm avèk seksyon 2(6) Lwa sou Tribinal Ti Konfli; oswa lè Gouvènè a ap egzèse pouvwa li genyen pou deziyen yon Jij Tribinal Ti Konfli yon fason ki konfòm avèk seksyon 9 Atik VI Konstitisyon an ak seksyon 2(2) ak 2(4) Lwa sou Tribinal Ti Konfli; oswa lè Gouvènè a ap egzèse pouvwa li genyen pou mete yon moun nan fonksyon Jij Tribinal Ti Konfli yon fason ki konfòm avèk seksyon 21(b) Atik VI Konstitisyon an, Gouvènè a dwe lonmen oswa deziyen sèlman moun Komite Konsiltatif Jidisyè Eta a te rekòmande kòm moun ki gen anpil kalifikasyon pou fonksyon jidisyè kote pou li fè nominasyon an oswa deziyasyon an.

6. Komite Konsiltatif Jidisyè Eta a dwe pibliye règ ak règleman ki apwopriye pou gouvènè pwosedi li yo ak pwosedi Komite Konsiltatif Jidisyè Depatman ak Konte ki kreye dapre Dekrè sa a. Règ ak règleman yo dwe genyen prensip ak pwosedi pou asire, nan limit ki posib, tout kritè yo se kritè ki menm pou evalye kalifikasyon kandida yo pou nominasyon oswa pou deziyasyon nan fonksyon jidisyè a toupatou nan Eta New York.

**C. Komite Konsiltatif Jidisyè Depatmantal (Departmental Judicial Screening Committees)**

1. Gen yon Komite Konsiltatif Jidisyè Depatmantal kreye yo kreye nan chak depatman lajistis Eta New York.

2. Chak Komite Konsiltatif Jidisyè Depatmantal dwe genyen trant (30) manm ladan: senk (5) manm Gouvènè a dwe chwazi; de (2) manm Jij Prensipal Koudapèl la dwe chwazi; de (2) manm Pwokirè Jeneral la dwe chwazi; yon manm Prezidan Divizyon Apèl pou depatman an dwe chwazi; yon manm Pòtpawòl Asanble a ak Dirijan Minoritè Sena a dwe chwazi nan tèt ansanm; yon manm Prezidan Pwovizwa Sena (President pro tempore) a Dirijan Minoritè Asanble a dwe chwazi nan tèt ansanm; epitou yon manm prezidan Asosyasyon Bawo Eta New York dwe chwazi. Se Gouvènè ki dwe deziyen Prezidan Komite Konsiltatif Jidisyè Depatman la pami manm Komite a. Chak manm Komite a dwe se yon rezidan, dwe gen yon fonksyon, oswa dwe ap travay nan depatman jidisyè kote l ap sèvi a.

3. Chak Komite Konsiltatif Jidisyè Depatmantal dwe gen jiridiksyon pou konsidere kalifikasyon kandida yo pou deziyasyon fonksyon Jij, Jij Sipleyan, Jij Pwovizwa ak Prezidan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm pou depatman an, epi pou konsidere kandida pou deziyasyon nan fonksyon Jij Tribinal Siprèm nan depatman an, epitou pou rekòmande ba Gouvènè a tout moun li jwenn ki ka gen anpil kalifikasyon pou fonksyon jidisyè sa yo.

4. Lè Gouvènè a ap egzèse pouvwa li genyen pou deziyen Prezidan chak Divizyon Apèl yon fason ki konfòm avèk seksyon 4(c) Atik VI Konstitisyon an; oswa lè Gouvènè a ap egzèse pouvwa li genyen pou deziyen lòt Jij nenpòt Divizyon Apèl yon fason ki konfòm avèk seksyon 4(c) ak seksyon 4(d) Atik VI Konstitisyon an; oswa lè Gouvènè a ap egzèse pouvwa li genyen pou deziyen Jij Sipleyan nenpòt Divizyon Apèl yon fason ki konfòm avèk seksyon 4(e) Atik VI Konstitisyon an; oswa lè Gouvènè a ap egzèse pouvwa mete yon moun nan yon pozisyon ki vid nan fonksyon Jij Tribinal Siprèm nan yon fason ki konfòm avèk seksyon 21(a) Atik VI Konstitisyon an, Gouvènè a dwe lonmen oswa deziyen sèlman moun yon Komite Konsiltatif Jidisyè Depatmantal te rekòmande ba li kòm moun ki gen anpil kalifikasyon pou fonksyon jidisyè kote pou li fè deziyasyon an.

5. Si Komite Konsiltatif Depatmantal rekòmande yon kandida kò yon moun ki gen anpil kalifikasyon pou fonksyon Jij Tribinal Siprèm oswa pou fonksyon Jij oswa pou fonksyon Jij Sipleyan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm, moun sa a dwe kalifye pou Gouvènè a lonmen oswa deziyen li nan fonksyon an nan nenpòt depatman jidisyè. Malgre sa ki endike anwo a, Gouvènè a ka deziyen yon moun k ap sèvi kòm yon Jij Divizyon Apèl Tribinal Siprèm pou travay kòm yon Jij Sipleyan, epi Gouvènè a ka deziyen yon moun k ap sèvi kòm yon Jij Sipleyan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm pou travay kòm yon Jij nan menm depatman jidisyè oswa nan yon depatman jidisyè diferan san rekòmandasyon yon Komite Konsiltatif Depatmantal.

#### **D. Komite Konsiltatif Jidisyè Konte (County Judicial Screening Committees)**

1. Gen yon Komite Konsiltatif Jidisyè Konte kreye nan chak konte Eta a. Komite sa a fòme avèk manm Komite Konsiltatif Jidisyè Depatmantal pou depatman kote konte a ye a, plis yon lòt moun ki dwe ap viv, gen yon fonksyon, oswa ap travay nan konte kote li dwe sèvi a, epi se direktè jeneral konte a ki dwe chwazi moun sa a. Prezidan Komite Konsiltatif Jidisyè Depatmantal la dwe sèvi tou kòm Prezidan Komite Konsiltatif Jidisyè Konte a. Jan yo itilize li nan dokiman sa a, tèm "direktè jeneral" pou konte a dwe vle di egzekitif konte a ki deziyen oswa ki chwazi, selon ka a, oswa si pa gen fonksyon, prezidan konsèy administrasyon konte a; men depi pou konte ki nan Vil New York, tèm "direktè jeneral" pou konte a dwe vle di Majistra Vil New York.

2. Chak Komite Konsiltatif Jidisyè Konte dwe gen jiridiksyon pou konsidere kalifikasyon kandida yo pou deziyasyon nan fonksyon Jij Tribinal Konte a, Jij Tribinal Siksesyon, ak Jij Tribinal Zafè Fanmi deyò Vil New York, pou konte a, epitou pou rekòmande ba Gouvènè a tout moun li jwenn ki gen anpil kalifikasyon pou fonksyon jidisyè sa yo. Lè Gouvènè a ap egzèse pouvwa deziyasyon li genyen pou mete yon moun nan yon pozisyon vid nan fonksyon Jij Tribinal Konte, Jij Tribinal Siksesyon, oswa Jij Tribinal Zafè Fanmi deyò Vil New York, yon fason ki konfòm avèk seksyon 21(a) Atik VI Konstitisyon an, Gouvènè a dwe deziyen sèlman moun Komite Konsiltatif Jidisyè Konte apwopriye a te rekòmande ba li kòm moun ki gen anpil kalifikasyon pou fonksyon jidisyè kote pou li fè deziyasyon an.

#### **E. Dispozisyon Jeneral**

1. Dire fonksyon manm Komite Konsiltatif Jidisyè ki kreye dapre Dekrè Egzekitif sa a dwe se twazan.
2. Dire fonksyon manm Komite Konsiltatif Jidisyè ki kreye dapre Dekrè Egzekitif sa a depannde dispozisyon seksyon 5 Lwa sou Fonksyonè Piblik yo.
3. Yo dwe mete moun nan pozisyon vid komite a nan menm manyè ak premye deziyasyon, epitou yon moun yo deziyen pou pran yon pozisyon vid dwe sèvi pou rès dire ki pa fini an. Gouvènè a pa dwe retire okenn manm nan fonksyon li pandan dire fonksyon an, sof si gen kòz pou sa.
4. Okenn manm yon Komite Konsiltatif Jidisyè pa dwe gen okenn fonksyon jidisyè oswa fonksyon piblik ki sòti nan eleksyon kote li dwe resevwa konpansasyon pandan peryòd sèvis li, epitou okenn manm Komite a pa dwe gen yon fonksyon nan yon pati politik. Okenn manm yon Komite Konsiltatif Jidisyè pa dwe kalifye pou deziyasyon nan okenn fonksyon jidisyè ki nan jiridiksyon Komite Konsiltatif Jidisyè kote manm lan ap sèvi pandan peryòd sèvis manm li oswa nan youn nan ane apre.
5. Manm Komite Konsiltatif Jidisyè yo pa dwe resevwa konpansasyon pou sèvis yo, men yo dwe gen dwa pou resevwa ranbousman pou nenpòt depans nesèsè yo fè anrapò avèk pèfòmans fonksyon yo. Chak komite konsiltatif jidisyè dwe gen anplwaye ki touche yon salè, epi anplwaye yo dwe disponib pou li ase pou pèmèt komite a pran responsablite li kòrèkteman, tankou ankèt apwopriye nan tout zafè ki konsène kalifikasyon kandida yo pou deziyasyon nan fonksyon jidisyè.

6. Dekrè Egzekitif Nimewo 8, ki te pibliye 18 jen 2008, abwoje epi ranplase avèk Dekrè Egzekitif sa a apati dat ki nan dokiman sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, vennsityèm jou mwa avril nan  
ane de mil onz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a